



Pou Piblikasyon Imedya: 28/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINANSMAN ISTORIK ETA BAY LEKÒL YONKERS YO

Bidjè Ane Fiskal 2023 a bay etidyan ak pwofesè yo sipò san parèy

Plan istorik la enkli yon rekò 31.5 milya dola nan èd total nan tout eta a pou ane eskolè 2023 a, pi wo nivo èd Eta a ke sa te janm ye

Rekò 360.1 milyon dola nan èd Eta bay lekòl vil Yonkers yo nan ane 2022-2023

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finansman istorik eta bay lekòl Yonkers yo pou ane eskolè 2022-2023 a. Èd sa a fè pati [investisman san parèy](#) Gouvènè Hochul la nan edikasyon nan Bidjè Eta pou Ane Fiskal 2023 a. Investisman sa yo gen ladan yon ogmantasyon 2.1 milya dola nan èd lekòl nan tout eta a, ki gen ladan yon ogmantasyon 1.5 milya dola nan Foundation Aid ak yon ogmantasyon 125 milyon dola nan prematènèl pou timoun ki gen kat ane yo. Anplis de sa, Bidjè a bay 100 milyon dola nan fon kontrepati pou bay sipò akademik ak sante mantal pou elèv ak edikatè yo.

"Bidjè Eta ane fiskal 2023 nou an gen ladan investisman istorik ki pral fè yon diferans nan lavi moun kounye a ak pou ane k ap vini yo, tankou yon investisman rekò nan lekòl piblik nou yo - investisman ki pi gwo nan istwa eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandemi COVID-19 la se te yon eksperyans inimaginabl ki enpoze sou pwofesè ak elèv nou yo, men yo te leve defi a. Kounye a se responsablite nou pou nou asire yo gen sipò pou yo retounen sou bon chemen an, rekipere, ak pwospere epi mwen remèsye Lidè Majorite a Stewart-Cousins pou kolaborasyon li nan bidjè sa a ki debloke pouvwa sistèm edikasyon New York la."

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Mwen fyè dèske n ap kontinye bati sou efò mwen te ede dirije pandan ane ki sot pase yo pou finance lekòl nou yo koplètman pou kèlkeswa kòd postal oswa distri lekòl la, chak elèv New York gen aksè ak yon bon jan kalite edikasyon. Nan Bidjè ki sot pase a, li te enpòtan pou Gouvènè Hochul, Prezidan Edikasyon Sena a, Shelley Mayer, Majorite Demokrat Sena a, ak patnè nou yo nan Asanble a pousuiv efò a. Nan travay ansanm, nou te kapab pote nivo finansman istorik sa yo lakay elèv nou yo nan Yonkers ak atravè Eta New York. Investisman enpòtan sa yo nan elèv yo, depi nan bèso jiska nan kolèj yo pral asire yon chemen briyan pou New York."

Bidjè Eta ane fiskal 2023 a bay 360.1 milyon dola nan èd eta pou lekòl Vil Yonkers yo nan ane 2022-2023 a - yon ogmantasyon 25.5 milyon dola, oswa 7.6 pousan, sou ane lekòl anvan an. Sa gen ladan 246.7 milyon dola Èd pou Fondasyon (Foundation Aid) pou ane 2022-23 a, yon ogmantasyon 12.7 milyon oswa 5.4 pousan pou chak ane. Distri Lekòl Vil Yonkers la resevwa tou 19.6 milyon dola èd VLT, ak yon lòt 12 milyon dola nan bidjè SED la.

Bidjè a ogmante Èd Lekòl nan rejyon Mid-Hudson a pa 358.7 milyon dola, oswa 13.0 pousan, ki gen ladan yon ogmantasyon 267.3 milyon dola, oswa 15.0 pousan, nan Èd pou Fondasyon an. Ogmantasyon sa a se prensipalman pou dezyèm ane a nan miz an plas pwogresif sou twazan finansman konplè nan fòmil Èd pou Fondasyon an.

Envestisman nan edikasyon nan Bidjè Ane Fiskal 2023 Eta a gen ladan:

Finansman Edikasyon Istorik

Bidjè Eta a reflekte angajman solid Gouvènè Hochul pran anvè edikasyon lè li bay plis finansman ak sèvis pou satisfè bezwen elèv yo, pwofesè yo, ak lekòl yo nan mitan pandemi an. Bidjè a founi 31.5 milya dola nan Èd pou lekòl total yo pou ane lekòl 2023 a, pi wo nivo èd Eta a ke sa te janm ye. Envestisman sa a reprezante yon ogmantasyon 2.1 milya dola (7.2 pousan) chak ane lkonpare ak ane Lekòl 2022 a, sa gen ladan 1.5 milya dola oswa 7.7 pousan ogmantasyon nan Èd pou Fondasyon (Foundation Aid), ki reprezante dezyèm ane angajman Gouvènè Hochul pran pandan twazan pou li finanse konplètman Èd pou Fondasyon an.

Pre-Matènèl Inivèsèl

Bidjè yo Adopte a ogmante envestisman anyèl Eta a nan bon jan kalite prematènèl a 1.1 milya dola, yon ogmantasyon 125 milyon dola oswa 13 pousan. Avèk finansman sa a, distri eskolè yo pral kapab bay aksè ak bon jan kalite prematènèl tout jounen atravè Eta a pou apeprè 17,500 lòt timoun ki gen kat ane.

Sipò akademik ak sante mantal

Bidjè Eta a gen ladan yon total de 100 milyon fon kontrepati sou de zan ke yo dwe bay distri lekòl yo ak BOCES ki gen pi gwo bezwen pou adrese byennèt elèv yo ak pèt aprantisaj an repons a chòk pandemi COVID-19 la te lakòz. Sa gen ladann sipò pou pwogram jounen lekòl oswa ane lekòl pwolonje, pwogram apre lekòl, pwofesyonèl sante mantal ak lòt inisyativ detèmine lokalman.

Rekritman ak kenbe pwofesè yo

Bidjè a gen ladan finansman pou nouvo inisyativ ki santre sou elaji mendèv la pou pwofesè yo, ansanm ak elaji mwayen pou pwofesyonèl ki soti nan lòt karyè yo ka vin pwofesè.

Bidjè a kreye yon pwogram rezidans pwofesè nan eta a pou pote plis pwofesè nan lekòl yo pi bonè pandan y ap bay plis opòtinite pou sipò ak fòmasyon pandan y ap antre nan karyè yo. Eta pral elaji tou pwogram sètifikasyon pwofesè altènativ yo, tankou

Kolaborasyon Ansèyman Vil New York (New York City Teaching Collaborative), pou rann li pi fasil ak pi evidan pou pwofesyonèl yo nan lòt karyè vin pwofesè. Fiti pwofesè yo ta vin apranti nan distri lekòl ki gen gwo bezwen yo pandan y ap fè yon metriz nan domèn yo.

Bidjè a gen ladan inisyativ pou amelyore konpetans parapwofesyonèl ak asistan ansèyman aktyèl yo. Genyen plis pase 100,000 parapwofesyonèl ak asistan ansèyman nan lekòl Eta New York yo—yon chif k ap ogmante rapidman. Bidjè a pral bay sibvansyon pou parapwofesyonèl ki rete travay nan yon distri lekòl pou pouswiv yon diplòm ansèyman. Distri lekòl yo ta gen obligasyon mete kandida yo avèk konseye pwofesyonèl yo.

Pou ranfòse mendèv la epi abòde mank pwofesè a, Bidjè a pral anile tanporèman plafon revni pou kèk retirete. Genyen 169,000 Pwofesè Eta New York ki pran retrèt, anpil ladan yo ta vle retounen nan ansèyman lè yo anile limit pansyon aktyèl la. Yo ta retire limit 35,000 a pou kèk retirete, pou ankouraje pwofesè yo ak lòt travayè lekòl yo pou yo rejwenn mendèv la.

Edikasyon Vèt

Pou kapab amelyore kalite lè pou Nouyòkè ki nan laj pou lekòl yo, Bidjè Eta a egzije pou tout nouvo bis lekòl yo achte yo se zewo emisyon disi 2027 epi pou tout bis lekòl sou wout yo se zewo emisyon disi 2035. Bidjè Eta a pral bay 500 milyon dola atravè Lwa sou Obligasyon Anviwònmantral la pou sipòte distri lekòl yo nan acha bis zewo emisyon ak enfrastrikti rechaj ki gen rapò sa gen ladan estasyon rechaj yo. Anplis de sa, Bidjè Eta a otorize distri eskolè yo pou lwe oswa finanse otobis zewo emisyon pou 12 ane, plis pase double limit aktyèl senk ane pou otobis dyezèl yo, yon fason pou ede distri yo atenn objektif sa a, epi asire yo bay Éd Transpò nan otobis zewo emisyon ak enfrastrikti rechaje ki gen rapò ak yo.

Bidjè a pral baze sou angajman Gouvènè Hochul pran pou l pote dirabilite anviwònmantral pou lekòl New York yo. Inisyativ Lekòl Vèt Pwòp yo ki prevwa nan "Lwa sou Obligasyon Anviwònmantral Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik" la pral sèvi plis pase 1,000 lekòl piblik ak benefisyè apeprè 1 milyon elèv. Pwogram lan pral mennen gwo amelyorasyon nan enfrastrikti, tankou chofaj jewotèmik ak klimatizasyon, enèji solè, twati vèt ak lè bon kalite/vantilasyon alenteryè. Envestisman vital sa pral non sèlman ranfòse ekonomi eta a men tou fè avanse jistis klimatik nan pote enèji pwòp ak yon anviwònman alenteryè ki pi sen pou lekòl piblik ki pa gen ase resous yo.

Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare, "Mwen kontan anpil pou nou gen yon bidjè ki rekonèt obligasyon Eta a depi lontan pou finanse Éd Fondasyon an konplètman. Lè nou te di nou ta finanse tout lekòl kèlkeswa kòd postal timoun yo, nou te serye. Mèsi a lidèchip fèm Gouvènè Kathy Hochul nan edikasyon piblik ak Lidè Majorite Stewart-Cousins paske li ensiste pou yo respekte angajman sa a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)